A. Pilih jawaban nu pangbenerna !

1. Baca wacana ieu di handap !

   Cara nyieun ali agrem téh kieu. Tipung béas dikucuran ku cai gula beureum. Diaduk sarta dipadetkeun nepi ka rata. Dijieunna buleud sarta bolong di tengahna, saperti ali atawa cincin. Nu matak sok disebut ali agrem. Tuluy digoréng nepi ka asak. Ali agrem mibanda warna tekstur kacoklat-coklatan, sabab digoréngna ngahaja rada tutung. Rasana amis, ngeunah, tur ngepros di luarna tapi dijerona mah empuk kacida.

   Nurutkeun wacana di luhur, disebut ali agrem téh ku sabab wangunna …
   a. buleud siga geulang
   b. buleud siga cincin
   c. buleud siga bal
   d. buleud siga bal béklen

2. Lamun urang rék nyieun ali agrem tangtu merlukeun bahan. Ari bahan utama pikeun nyieun ali agrem mah nyaeta …
   a. tipung béas ketan
   c. tipung tarigu
   b. tipung béas
   d. tipung aci sampeu

3. Kadaharan has ti daérah Cililin mah wajit. Ari kadaharan has ti daérah Ciwidéy Bandung mah nyaéta …
   a. wajit
   b. kalua
   c. dodol
   d. galéndo

4. Dina kahirupan masarakat Sunda, lian ti kadaharan aya ogé inuman has Sunda, di antarana bajigur. Lian ti bajigur aya inuman has Sunda nu sok maké jahé, nyaéta ….
   a. lahang
   b. bandrék
   c. goyobod
   d. sirop

5. Tutuwuhan anu sok dipaké pikeun nyieun jamu nyaéta ....
   a. Koneng
   b. Kembang mawar
   c. Kembang melati
   d. Kembang anggrek

6. Inuman tradisional anu dijieun tina jahe biasana karasana ....
   a. Tiis
   b. Haneut
   c. Asin
   d. Pait pisan

LIVEWORKSHEETS

7. Istilah séjén tina ubar tradisional anu dijieun tina rupa-rupa bahan tutuwuhan nyaéta ....
   a. Jamu
   b. Jus
   c. És krim
   d. Sirop biasa

8. “Geuning teu *diembohan*, sakitu meuli loba”. Kecap nu saharti jeung “diembohan”, nyaeta …
   a. dihargaan
   b. dikerepus
   c. ditambahan
   d. dikurangan

9. Lanceukna mah …, tapi ari adina mah buraong.
   Pikeun ngalengkepan kalimah di luhur, eusian ku kecap sabalikna tina kecap “buraong”, nyaeta ….
   a. beunghar
   b. bageur
   c. goreng
   d. alus

10. Indonesia kaasup nagara anu wilayahna lega, ti tungtung kulon Sabang nepi ka tungtung … Merauke
    a. kulon
    b. kidul
    c. wetan
    d. kaler

11. Nagara Indonesia mah gulangkep, aya taneuhna aya caina. Ku kituna, nagara teh sok disebut ….
    a. Tanah pusaka
    b. Tanah air
    c. Tanah leluhur
    d. Tanah warisan

12. Salian ti adat istiadat, budaya, nagara Indonesia oge beunghar ku … anu sakitu lobana, aya calung, angklung, reog, jeung rea-rea deui.
    a. kesenian
    b. harta pakaya
    c. harta banda
    d. objek wisata

13. Pek tengetan kalimah di handap ieu !
    Indonesia kaasup nagara anu wilayahna kacida legana, sabab kaayaan geografisna aya di pagunungan jeung daratan anu aya lautan.
    Kalimah di luhur, disebutna kalimah argumentatif, atawa kalimah anu ngandung ….
    a. alesan
    b. pasangan
    c. sabalikna
    d. saharti

LIVEWORKSHEETS

14. Dina kalimah teks argumentasi, aya kecap panyambung, nyaeta …
    a. iwal
    b. jeung
    c. sabab
    d. sangkan

15. Ulah sok … ka budak, babari neunggeul teu kaop salah saeutik.
    Babasan nu saluyu pikeun ngalengkepan kalimah nu di luhur, nyaeta ….
    a. amis daging
    b. gurat batu
    c. laer gado
    d. hampang leungeun

16. Kecap Rajekan dwipurwa, nyaeta kecap rajekan anu diwangun ku cara nyebut dua kali engang mimiti wangun dasarna.
    Di handap ieu nu kaasup kecap rajekan dwipurwa, iwal ….
    a. gogodeg
    b. kokotak
    c. sasapu
    d. papisah

17. Eusian kalimah di handap ieu ku kecap Rajekan Dwipurwa nu merenah !
    Ti tatadi hayam ngan … bae, sigana rek ngendog.
    a. Gogodeg
    b. Ciciduh
    c. Kokotak
    d. Pipinding

18. Baca sempalan guguritan ieu di handap!
    Hirup di dunya kudu akur jeung batur,
    boh jeung lanceuk ogé adi,
    sabab mun hirup teu akur,
    hirup téh moal walagri,
    sok heureut di lawang panto.

    Nurutkeun sempalan guguritan di luhur, kudu kumaha urang hirup téh?
    a. kudu soméah ka batur
    b. kudu nyaah ka batur
    c. kudu akur jeung batur
    d. kudu loba batur

19. Pek tengetan sempalan pupuh di handap ieu !
    "Hirup di dunya kudu akur jeung batur"
    Guru wilangan jeung guru laguna nyaeta ….
    a. 12-batur
    b. 12-tur
    C. 12-ur
    d. 12-u

LIVEWORKSHEETS

20. Pakakas di gigir ieu gunana paranti malikeun taneuh sawah, kebon, ngagali lombang, nyieun aliran cai ku jalan digali, jeung ngaduk (semen jeung keusik).
Naon ngaran pakakas dina gambar di luhur ?
    a. Paku
    b. Palu
    c. Pacul
    d. Ragaji

B. Tuliskeun ngaran-ngaran barang/kadaharan anu aya dina gambar di handap ieu !

21. 	22. 	23. 	24. 	25. 
.....	.....	.....	.....	.....

LIVEWORKSHEETS